



# PIRC

Pennsylvania Immigration  
Resource Center

## AVI DWA/KONFIDANSYALITE KLIYAN AN

Pandan w ap patisipe nan nòt admisyon sa a (epi si w ta tounen yon kliyan alavni) ou gen dwa sa a ki gen rapò ak enfòmasyon konfidansyèl pèsònèl epi komunikasyon ak estaf PIRC epi volontè yo:

1. Enfòmasyon w bay PIRC, tankou non w, adrès ou, nimewo telefòn ou, ak lòt enfòmasyon pèsònèl, yo pral rete konfidansyèl nan mezi lalwa pèmèt sa. Sof jan yo note sa anba la, yo pa pral pataje li ak lòt moun yo oswa ajans yo san w pa bay otorizasyon.
2. Ou kapab chwazi ki enfòmasyon w vle bay PIRC. Yo p ap pral refize pou ba w aksè nan sèvis yo si w chwazi pou pa bay kèk enfòmasyon ki pou idantifye w.
3. Avoka PIRC ak estaf yo soumèt ak kèk règ moral, tankou **sèvis konfidansyèl** avoka a, ki vle di avoka PIRC ak estaf la pa pral devwale enfòmasyon ou pataje avèk yo san w pa bay pèmision ou sof si 1) yon jij te bay lòd pou fè sa, tankou yon jij imigrasyon oswa 2) gen obligasyon pou fè sa nan objektif pou reponn ak devwa moral "franchiz devan tribinal la", ki vle di, nan yon kontèks imigrasyon, pa fè fo deklarasyon oswa malchong bay jij la oswa nan USCIS. Avoka ak estaf la pral mande w si yo dwe pataje enfòmasyon yo, nan moman epi ki kote yo gen entansyon pou fè sa epi ki enfòmasyon yo pral pataje. Nan yon ka konsa, PIRC ta ka pa pataje enfòmasyon pami sa lalwa bay obligasyon yo epi ta ka eseye pou fè sa nan yon fason ki ka minimize tout donmaj lakay ou.
4. Yo dwe bay kèk enfòmasyon jeneral sou kalite sèvis yo ak done demografik jeneral (tankou., echèl laj ak revni, kantite mwayèn timoun, apatenans etnik) sou moun ki itilize sèvis PIRC yo epi ajans ki finance PIRC. Sepandan, enfòmasyon ki kapab idantifye **ou** espesyalman antanke yon moun ki te itilize sèvis PIRC yo; yo pa pral pataje yo sof si ou otorize li espesyalman alekri.
5. Aprè nòt admisyon ou a ak PIRC, ou kapab chwazi pou yo refere ou bay lòt ajans oswa avoka yo, kèk nan moun nou fè patenarya yo, pou èd ak sipò adisyonèl.
6. Ou kapab decide ki kantite enfòmasyon pèsònèl ou PIRC pral oswa pa pral pataje avèk ak chak ajans yo gen patenarya. Nan yon fason jeneral, nou pral di w ki obligasyon chak patnè gen pou kenbe enfòmasyon ou yo konfidansyèl. Si w chwazi pou PIRC pataje kèk nan enfòmasyon pèsònèl ou yo ak yon ajans yo gen patenarya, nou pral di w egzakteman *kijan* epi *ki* enfòmasyon yo pral pataje a. Si ou decide alavni pou yo pa pataje enfòmasyon ou te bay yo ak okenn nan patnè PIRC yo, fè nou konnen epi nou p ap pataje plis enfòmasyon ak patnè sa yo.
7. Si w gen nenpòt kesyon oswa preyokipasyon sou avi sa a oswa dwa ou, oswa si w gen yon preyokipasyon yo pa ta trete enfòmasyon konfidansyèl ou nan yon fason apwopriye, tanpri kontakte Direktè Pwojè ISP PIRC a nan (717) 600-8099.